



# RISK NAN REZÈV DLO APRE TANPÈT/INONDASYON

**DAT DÈNYE CHANJMAN: 02/2014**

Ouragan yo kapab kontamine rezèv dlo publik la, sitou si yon radmare oswa yon inondasyon vini ansanm avèk li. Dlo pou bwè ki kontamine ka lakòz maladi. Moun yo pa kapab sipoze dlo ki nan zòn ki afekte nan ouragan bon pou yo bwè.

Nan zòn ki afekte nan yon ouragan oswa nan yon tanpèt twopikal, izin tretman dlo yo ka pa fonksyone. Menmsi y ap fonksyone, domaj tanpèt la ak inondasyon an kapab enfekte gwo tiyo dlo yo. Koute anons publik yo sou sekirite rezèv dlo publik la.

Si pui ou inonde, ou dwe teste ak dezenfekte li apre tanpèt la pase. Ou dwe fè sa tou apre dlo inondasyon yo ale. Ou ta dwe kontakte depatman sante zòn oswa eta kote w ap viv la pou kesyon ou genyen sou fason pou teste dlo a.

## **Dlo pou Bwè ak pou Kwit Manje**

Bon dlo pou bwè gen ladan dlo nan boutèy, dlo bouyi oswa dlo trete. Men kèk règ jeneral konsènan dlo pou bwè ak pou kwit manje. Sa pou sonje:

- Pa itilize dlo ki kontamine pou lave vesò, pou bwose dan ou, pou lave ak prepare manje oswa pou fè glas.
- Si ou itilize dlo nan boutèy, konnen kote li te sòti. Sinon, ou ta dwe bouyi oswa trete dlo a anvan ou itilize li. Bwè dlo nan boutèy, dlo bouyi oswa dlo trete sèlman jouk lè yo teste rezèv dlo a ak lè dlo a bon pou bwè.
- Dlo bouyi touye bakteri ak parazit nuizib yo. Si ou kite dlo a bouyi anpil pandan 1 minit sa ap touye mikwòb enfektye yo.
- Ou ka trete dlo a avèk klò. Pou fè sa, melanje uit (8) gout (1/8 ti kiyè; apeprè gwosè yon pyès dis santim) klowòks òdinè ki pa gen odè (4-6 poustan engredyan aktif) pou chak galon dlo. Melanje solisyon an nèt, epi kite li poze pandan apeprè 30 minit. Itilize yon vesò ki gen yon bouchon oswa yon kouvèti pou dezenfekte oswa pou konsève dlo pou itilize pou bwè. Sa ap anpeche dlo a kontamine. Men, tretman sa a p ap touye parazit ki te ka antre nan yon pui ki inonde. Ou ka itilize tou iyòd oswa lòt grenn dezenfeksyon ki disponib nan magazen, famasi oswa magazen ki vann avèk rabè.

Ou ta dwe rense vesò pou mete dlo avèk yon solisyon klowòks anvan ou itilize yo ankò (yon kiyè klowòks pou chak galon dlo). Itilize tank pou konsève dlo ak lòt kalite vesò yo avèk anpil prekosyon. Pa egzanp, tank estokaj kamyon ponpye ak bwat oswa boutèy ki sèvi anvan ka kontamine avèk batkeri oswa sibstans chimik. Pa depannde aparèy tretman dlo ki pa teste pou dekontamine dlo a.

## **Fason pou Dezenfekte Pui a**

Li enpòtan pou dezenfekte pui ki gen dlo pou bwè ak plonbri ou avèk 4-6 poustan klò, klowòks òdinè ki pa gen odè pou asire ou touye tout ajan enfeksyon yo. Si ou gen aparèy pou trete dlo, retire tout manbràn yo, katouch yo ak filtè yo, epi ranplase yo apre pwosesis tretman avèk klò a fini.

Kantite klò ak kantite tan pou kite li rete nan sistèm ou enpòtan menm jan an. Ou kapab itilize klowòks òdinè lesiv ki pa gen odè avèk efikasite menm jan avèk yon dezenfektan klò. Swiv etap sa yo pou kantite klowòks ki rekòmande pou ou itilize:

- Si dlo a gen koulè jòn anvan ou mete klò a ladan, kite dlo a koule jouk lè li klè pandan apeprè 10 minit.

- Fèmen dlo a epi fè dlo cho a koule nan aparèy chofaj la—klò a pa efikas nan dlo ki cho a plis pase 105 degre.
- Retire epi ranplase filtè chabon yo apre ou fin mete klò nan dlo a.
- Pou pa mete kontaminasyon nan pui a pandan dezenfeksyon an, netwaye espas travay ki toutotou tèt pui a anvan. Retire depo grès ak mineral nan pati ou ka rive nan tèt pui a epi floche sifas deyò yo avèk 1/2 tas klowòks lesiv nan 5 galon dlo.
- Fèmen ponp pui a. Retire kouvèti a oswa bouchon pui a sou jwenti kawotchou a. Gen anpil kalite kouvèti ak bouchon pui. Si ou gen kesyon, ou ta dwe kontakte yon konpayi foraj ki gen lisans. Si ou gen yon ponp ki fonksyone anba dlo, ou ka vle kontakte yon konpayi foraj pui ki gen lisans tou pou jwenn konsèy sou pwosedi dezenfeksyon.
- Eseye randui arebò kivlaj la pandan w ap vide yon galon klowòks òdinè ki pa gen odè (4-6 pouyan engredyan aktif). Si ou jwenn klò sou ponp lan oswa sou fil yo, floche li nèt avèk dlo fre pou pa kite li gate pita. Depatman sante konte kote w ap viv la ka bay lòt konsèy pou zòn ou.
- Re-bouche oswa plogé ouvèti pui a, epi rete tann 30 minit.
- Louvri ponp lan epi, si li nesesè, amòse li ankò. Louvri tout tiyo ki nan sistèm nan youn pa youn. Kite dlo a koule jouk lè ou ka pran sant klò a. Ou ka vle floche twalèt yo tou. Si ou gen tiyo deyò, ou ka vle voye dlo a lwen plant ki sansib yo. Si ou pa kapab detekte yon odè klò, mete klò ankò nan pui a.
- Fèmen tout tiyo yo epi kite klò a rete nan sistèm ponpaj la pandan omwen 8 èdtan.
- Lave adousisè dlo a, filtè sab yo ak filtè pou retire fè yo nan sans envès avèk dlo abaz klò.
- Yon fwa ankò, louvri tout tiyo epi kite dlo a koule jouk lè ou pa pran sant klò—pandan apeprè 15 minit.

### **Èske Dlo a Bon Kounye a?**

Sèl fason pou konnen si dlo a bon pou bwè se fè teste li. Menmsi klowòks la efikas kont mikwo-òganis yo, li p ap retire kontaminasyon chimik ki ka antre nan pui a. Kontakte depatman konte kote w ap viv la pou jwenn enstwiksyon sou fason pou pran echantyon pou fè teste dlo ou. Ka gen yon frè pou peye pou tès la.

Pou jwenn plis enfòmasyon, tanpri kontakte depatman sante konte kote w ap viv la, oswa konekte sou Entènèt nan sitwèb [www.floridahealth.gov](http://www.floridahealth.gov) oswa nan [www.floridadisaster.org](http://www.floridadisaster.org).

Gen foto pwosesis sa a sou Entènèt nan sitwèb Ajans Etazini pou Pwoteksyon Anviwònman nan: <http://www.epa.gov/safewater/privatewells/whatdo.html>.